

PDIS ifise abahinga batahura, bafasha kandi banonosoye ivyo guhanura. imfashanyo z'abavyeyi bashafashanya n'abandi bavyeyi nazo zirahari. Abahanuzi n'abavyeyi bo muri PDIS bafise ubuhinga n'ubumenyi bwo gufasha abantu bashobora kuba bafise ingorane nkizo ufise ubu.

Nta numwe ashobora kumenya ko wahamagaye usaba imfashanyo. **Amakuru yawe ntanumwe azobwigwa naho yoba Polisi.**

**Abasiguzi barahari kandi nabagusa.**

**Wigore uhamagare PDIS nimba ukeneye amakuru canke infashanyo.**

**Hamagara PDIS kuri : 9442 5050 canke 1800 653 203 terefone ni kuri gusa kubakuye bari muri Australia.**

Ukoresheje Internet andikira: [pdis@health.wa.gov.au](mailto:pdis@health.wa.gov.au)

Web: [www.dao.health.wa.gov.au](http://www.dao.health.wa.gov.au)

Rungika ubutumwa kwi Posita:

PDIS, PO Box 126, Mt Lawley, WA 6929

Fax: 9442 5020

Mukeneye abasiguzi canke abahindura

muzindi ndimi, telephone kuri 131450

Abafise ubumuga bwo kunva canke Kuvuga, hamagare kuri 133677 (kubari muri Australia)

# AMAKURU Y'IMFASHANYO Z'Abavyeyi Kubijanye N'Ibiyayuramutwe

**PARENT DRUG INFORMATION SERVICE (PDIS)**

**Woba ufitiye ubwoba umuntu wo  
mumurayango wawe kubijanye  
n'inzoga canke ibiyayuramutwe?**

**Woba ukeneye amakuru canke  
imfashanyo?**



**Hamagara kuri:  
9442 5050 canke 1800 653 203  
telephone ni kuri gusa kubakuye  
bari muri Australia**



Government of Western Australia  
Drug and Alcohol Office

Hari ubwoko butandukanye bw'ibiyuramutwe harimwo inzoga, itabi, imiti itangwa na Dogiteri (Doctor) canke iva ku mafarumasi, ibinini canke ishinge zirimwo ibiyovyabwenge eka n'ibindi.

Inzoga n'ibiyuramutwe bishobora kuzana ingorane mu muryango canke mu kibano.

Ibiyuramutwe bishobora kugusamburira urugo, kugutuma ukomereka, ungwara, uja mubugizi bwa nabi, ubwicanyi eka n'ingorane z'ubutunzi.

Birasazwe kumva ubwoba canke ukudatahukigwa kubijanye nico wokora mugihe umunyamuryango wawe aba anywa inzoga canke ibiyuramutwe. Kuvugana n'umuntu atahura vyogufasha kugabanya impungenge zawe eka ukanamenya n'ingene wokwifata.

## Ukeneye ifashanyo terefona ubu nyene

Nimba ukeneye kuvugana n'umuhanuzi ushobora guhamagara (PDIS) akaguha Amakuru y'Imfashanyo z'Abavyeyi kubijanye n'Ibiyuramutwe.

Imfashanyo zitagwa mw'ibanga ntangere amasaha 24 k'umusi, imisi 7 kw'iyinga.

Iyo uhamagaye ushobora gucagura kuvugana:

- N'umuhinga yanonosoye ivyo guhanura canke
- Uyundi muvye aba yarigeze kugira ibibazo nkivyawe, kandi atahura ingorane zawe.

Ushobora guhabwa imfashanyo z':

- Amakuru y'ingene inzoga n'ibiyuramutwe vyonona abantu
- Impanuro zofasha umunyamuryango wawe
- Impanuro z'ingene wovyifatamwo
- Inkuru no kurungikwa kubandi boshobora kugufasha gusumba

